

## **Lekòl Segondè**

### **Règleman sou Devwa pou Fè Lakay**

1. Transmisyon Devwa pou Fè Lakay sou yon platfòm anliy:
  - a. Si devwa pou fè lakay yo afiche anliy, lè sa a devwa yo dwe pataje/diskite nan saldeklas la menm jou yo afiche anliy la. Platfòm anliy yo dwe sèvi yon jan pou fasilite distribisyon devwa pou fè lakay la, men pa yon jan ki ranplase kominikasyon fas a fas ant pwofesè ak elèv la. Pa egzanp, si yon pwofesè dwe afiche yon devwa sou yon platfòm anliy, kèlkeswa ki lè pandan jounen an, san li pa di elèv la sa nan saldeklas la, pwofesè a pa dwe atann pou elèv la gen tan fè devwa a.
  - b. Tout devwa ki distribye sou yon platfòm anliy dwe afiche, pou pi ta, nan fen jounen yo anonse li nan saldeklas la, osinon yo pa dwe atann pou elèv la remèt devwa a nan jou ki apre a. Pa egzanp, si yon pwofesè afiche devwa pou fè lakay la a 5è nan madi swa, li pa kapab oblije elèv la remèt devwa a anvan li vini nan klas jedi.
  - c. Afiche yon devwa, sa vle di prezante tout sa ki nesèsè pou fè devwa a. Pa egzanp, si yon pwofesè anonse yon seri pwoblèm nan yon saldeklas, epi li di l ap afiche lis pwoblèm la pi ta, sa pa konsidere tankou li bay fè devwa a jouktan li afiche lis pwoblèm la.
  
2. Lè pwofesè ap bay devwa pou fè lakay pandan yon peryòd vakans nan lekòl la, yo dwe bay ase tan anvan oswa apre peryòd vakans lan pou fè travay la. Sa aplikab pou vakans sa yo: Vakans Thanksgiving, vakans Ivè, vakans fevriye, ak vakans avril.
  - a. Si elèv dwe remèt yon devwa pandan 2 premye jou apre yon vakans, elèv yo dwe resevwa devwa a 3 jou lekòl davans. Pa egzanp, si yon peryòd vakans kòmanse depi vandredi pou rive lendi, yon devwa pou elèv remèt nan lendi apre peryòd vakans lan dwe nan men elèv la depi nan mèkredi ki anvan peryòd vakans lan. Menm jan an, si elèv la dwe remèt devwa a nan madi ki apre peryòd vakans lan, li dwe resevwa devwa a depi jedi ki anvan peryòd vakans lan.
  - b. Yon pwofesè mèt bay yon devwa nan jedi ki anvan yon peryòd vakans, depi elèv la ap gen pou remèt li nan vandredi anvan peryòd vakans lan, epi yon pwofesè mèt bay yon devwa nan lendi ki apre yon peryòd vakans kèlkeswa dat elèv la ap gen pou remèt li.
  - c. Pwofesè yo pa kapab bay yon tès anvan 2 jou pase, apre elèv yo retounen soti nan yon peryòd vakans.
  - d. Klas AP yon sèl semès yo egzante pou dispozisyon sa a.
  
3. Pwofesè yo dwe obsève prensip ekite nan pwojè yo bay elèv yo fè, ak nan evalyasyon, ak nan devwa pou fè lakay, avèk ase tan pou tout elèv yo kapab fin fè devwa sa yo, avèk konsiderasyon pou jou fèt relijye elèv yo rekonnèt ak fete kit lekòl la fèmen, kit li ouvri.
  - a. Si gen yon gran kantite nan elèv nan klas la ki fete fèt la: yo dwe bay devwa pou fè lakay yo plis pase yon jou lekòl avan jou fèt la, epi dat limit pou remèt devwa a dwe plis pase yon jou apre peryòd vakans lan. Menm règleman an aplikab pou pwojè ak pou tès yo.

- b. Si gen yon ti pousantaj nan elèv nan klas la ki fete fèt la: elèv yo mèt pale avèk pwofesè a pou rive nan yon altènativ pou devwa a, oswa nan yon pwolongasyon, epi yo pa pral pèdi kredi pou devwa a. Paran yo mèt kontakte pwofesè a tou, pou fè yon aranjman.
4. Yo pa dwe bay elèv devwa pou fè lakay yo, ni fè yo remèt devwa nan jou ki gen lanèj. Men sèlman, yo pa dwe aplike dispozisyon sa a pou anpeche Direktè Jenneral Lekòl yo deklare “ijans pou move tan” si li dire lontan. Si yon pwofesè bay elèv yo devwa pou fè lakay yo nan jou ki vini anvan yon jou lanèj, li dwe mande elèv yo remèt devwa a nan jou pou yo retounen lekòl la.
5. Yo dwe mande elèv yo remèt tout devwa yo pandan peryòd lè klas la reyini. Si pwofesè yo vle pwolonje tan limit pou remèt yon devwa, nouvo dat la dwe tonbe nan yon jou lekòl ki apre.
6. Devwa pou kredi siplemantè pa kapab mande pou pase tan siplemantè nan lekòl la.
  - a. Pwofesè yo pa gen dwa fè reyinyon lè se pa yon lè lekòl, pou elèv yo kapab vini pou kredi siplemantè.
  - b. Epitou, pwofesè yo pa gen dwa mande elèv yo pote kado ni founiti saldeklas, pou yo ka jwenn kredi siplemantè.
7. Devwa yo pa dwe oblije elèv yo depanse plis lajan pase sa founiti lekòl nòmal yo koute, sòf si gen asistans finansyè pou elèv ki bezwen sa.
8. Pa dwe gen sanksyon kont elèv ki pa vini nan yon sòti eskolè ki dire plis pase tan pou pase nan saldeklas la, epi yo pa dwe oblije elèv yo fè travay siplemantè ki depase sa yo ta dwe fè nòmalman pandan tan nan saldeklas la, lè lòt elèv yo ap patisipe nan yon sòti eskolè. Si gen kredi yo bay pou patisipasyon nan yon sòti eskolè, yo dwe bay yon devwa konparab, ki anrapò avèk eksperyans sòti eskolè a, epi ki pa pral pran plis pase tan nan saldeklas la pou elèv fin fè li.
9. Pwofesè yo dwe bay egzamen trimestriyèl nan dat ki deside a, si se pandan semenn egzamen an. Si egzamen yo dire plizyè jou, pwofesè a dwe prevwa yo yon jan pou yon sèl nan 2 dat pou tès yo tonbe nan jou sa yo. Pwofesè yo ka fè aranjman avèk kowòdinatè depatman yo, pou bay egzamen trimestriyèl yo anvan semenn egzamen an.
10. Si yon elèv gen pou fè anpil efò pou fini devwa li gen pou fè lakay li nan dat yo mande a, premye bagay li dwe fè se pale sou sa avèk pwofesè li. Si kesyon an pa rezoud, elèv la dwe pale avèk konseye gid li, oswa ajan lyezon pou edikasyon espesyal la, oswa dwayen lekòl la pou plis sipò.

Direktè lekòl segondè yo gen dwa pran desizyon nan lekòl yo sou devwa pou fè lakay, an konfòmite avèk règleman sa a.